

<https://attorneygeneral.delaware.gov/publictrust/actual-innocence-program/>

Pwogram pou Inosans ki Reyèl

Pwogram pou Inosans ki Reyèl Depatman Lajistis Delaware la fèt pou asire ke Depatman Lajistis Delaware (“DOJ”) okouran de yo, epi pran aksyon korektif konsènan, moun ki nan prizon kote prèv anpirik etabli inosans yo. Yon pati nan angajman DOJ pou fè jistis la se asire ke moun ki pa koupab pou krim yo pa souffri sanksyon pou kriminèl yo.

Pwogram pou Inosans ki Reyèl DOJ la pa fèt pou pran plas pwosesis ki egziste deja nan Delaware tankou pwosesis klemans konstitisyon an etabli atravè Komisyon Konsèy pou Padon yo.

Kalifikasyon

Pwogram pou Inosans ki Reyèl la ("Pwogram nan") ap konsidere petisyon moun ki nan prizon kounye a, swa akòz yon jij oswa yon jiri jwenn koupab oswa yo plede koupab nan yon akizasyon kriminèl, epi ki an posesyon prèv fizik oswa prèv syantifik ki sigjere ke yo pa fè okenn move zak kriminèl. Pwogram nan p ap konsidere petisyon ki baze sèlman paske ou renye deklarasyon anvan yo oswa revizyon deklarasyon anvan yo, oswa sou pwodiksyon kèk nouvo deklarasyon – yo ka prezante petisyon sa yo bay Komisyon Konsèy pou Padon an. Olye de sa, Pwogram nan ap konsantre sou dosye kote prèv fizik la sipòte deklarasyon yon prizonye ki di ke li pa te komèt yon krim, pa egzanp, prèv medikal legal, prèv odyo oswa videyo, prèv elektwonik tankou imèl oswa anrejistremant telefòn selilè, oswa lòt prèv fizik.

Pwogram nan p ap konsidere aplikasyon moun ki di ke yo te plede koupab oswa yo te jwenn yo koupab pou yon krim ki pi grav pase sa yo te komèt reyèlman. Pwogram nan ap konsantre sou moun ki di ke yo ap fè tan nan prizon lè yo men an reyaltite yo pa komèt okenn krim.

Demach

Yo dwe soumèt aplikasyon pou Pwogram nan alekri oswa elektwonikman bay Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik Depatman Lajistis Delaware la pou detèmine si aplikasyon an ranpli kondisyon kalifikasyon ki dekri pi wo a yo. Moun ki soumèt petisyon yo ki pa ranpli kondisyon kalifikasyon yo ap resevwa enfòmasyon sou disponiblite pwosesis Komisyon Konsèy la padon pou chèche klemans.

Konsènan petisyon ki, an premye lye, ranpli kondisyon kalifikasyon yo, anlwaye Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik DOJ la pral konsilte yon Pwokirè Jeneral Adjwen ki te okipe dosye petisyonè a deja, si youn disponib, pou mande opinyon Pwokirè Jeneral Adjwen an sou petisyon an, epi lap bay kopi petisyon sa yo ak tout repons Pwokirè Jeneral Adjwen ki konsène a bay yon

manm volontè nan bawo a k ap patisipe avèk DOJ nan pwosesis sa a kòm yon Asistan Pwokirè Jeneral Espesyal dapre 29 Del.C. § 2505. Okòmansman, ansyen Jij Tribinal Siprèm Delaware Henry duPont Ridgely ap ranpli wòl sa a. Yo ka nonmen lòt Asistan Pwokirè Jeneral Espesyal pou sèvi nan wòl sa a jan sa nesèsè. Asistan Pwokirè Jeneral Espesyal yo ap gen aksè lib nan tout materyèl ki nan posesyon DOJ la ki gen rapò ak dosye yo kwè ki merite pou yo revize, epi pwokirè DOJ yo ki te travay sou dosye an kesyon yo, ap kolabore avèk yo. Anplwaye Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la dwe bay sipò administratif pou rasanble tou materyèl Asistan Pwokirè Jeneral Espesyal yo kwè ki nesèsè yo pou revizyon yo a.

Si yon Asistan Pwokirè Jeneral Espesyal ta dwe detèmine ke yon prizonye aktyèl ap sèvi yon santans kriminel lè prizonye a pa t fè okenn move zak kriminel, li ap gen pou rapòte sa bay direktè Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la. Yon Komite Revizyon ki gen twa moun, ki gen de (2) avoka Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la ak yon pwokirè Divizyon Kriminel DOJ la ap revize rezilta sa yo, epi fè yon rekòmandasyon bay Pwokirè Jeneral la (si manm komite yo gen opinyon diferan, yo dwe rapòte tou de (2)). Lè sa a, Pwokirè Jeneral la ap decide si yo ta dwe depoze yon demann nan Tribinal la pou relouvri pwosedi penal la.

Aplikasyon pou Pwogram pou Inosans ki Reyèl